

Kontni

- Yon Dwa Pou Rete Nan yon Kay ki An Sekirite
- Fason pou Itilize Lis Kontwòl Kòd Lojman an
- Kondisyon ijans
- Chofaj
- Dlo
- Kouran, chofaj ak gaz
- Kablaj ak priz elektrik
- Ekleraj
- Kwizin
- Saldeben
- Egzijans espas
- Sòti
- Sekirite
- Wonjè ak ensèk
- Fatra
- Vantilasyon
- Penti abaz plon
- Antretyen nan batiman
- Antretyen jeneral
- Responsablite okipan an

Yon Dwa Pou Rete Nan yon Kay ki An Sekirite

Tout moun gen dwa ak yon kay ki an sekirite.

Nan Massachusetts, Kòd Sanitè eta a se lwa prensipal ki bay lokatè yo dwa pou gen yon lojman desan. Kòd Sanitè eta a fikse kondisyon minimòm pou lojman lokasyon. **Lis Kontwòl Kòd** lojman ki nan ti liv sa a ap ede w konnen si kay ou a satisfè egzijans sa yo.



Anplis lis kontwòl sa a, ou ka itilize **Up to Code**, yon sit entènèt ki ka ede w dokimante pwoblèm yo epi fè mèt kay ou konnen pwoblèm yo.

Ale sou: UpToCode.org

Èske w riske pou yo mete w deyò?

Si w ap fè fas ak yon degèpisman paske w *pa peye lwaye* oswa yon *degèpisman* san fot (kote ou pa fè anyen ki mal), ou ka itilize **Kòd Sanitè a** pou anpeche degèpisman an.

Si ou pwouve bay yon jij ke mèt kay la te konnen kondisyon grav yo anvan ou te sispann peye lwaye a, jij la ka bay lòd pou ou pa demenaje. Sa se paske devwa yon lokatè pou peye lwaye baze sou devwa mèt kay la pou kenbe apatman an nan bon kondisyon. Yon jij ka tou:

- Mande pou ou peye sèlman yon pati nan lwaye mèt kay la reklame ou dwe a.
- Mande mèt kay la pou l peye w lajan paske ou te viv nan kondisyon tèlman pa bon (menm si pwoblèm yo te rezoud).
- Mande mèt kay la pou l fè reparasyon yo.

Si Ou Gen yon Dosye nan Tribinal

Si mèt kay ou an depoze yon pwosè kont ou pou yon degèpisman oswa pou lwaye, mande pou yo enspekte kay ou pi vit posib. Li pi bon pou fè yon enspeksyon anvan dat pwosè ou a. Si ou ale nan tribinal, li enpòtan pou di jij la kondisyon ki te egziste lè ou te demenaje a ak apre ou te demenaje a.

Vanjans se yon Bagay Ki Kont Lalwa

Li ilegal pou mèt kay ou an fè reprezay kont ou paske ou te avèti l alekri oswa yon enspektè lojman sou move kondisyon kay la. Sa ka konsidere kòm reprezay si mèt kay la ogmante lwaye w la, chanje kondisyon kontra lwaye ou a anpil, oswa eseye mete w deyò nan mwens pase 6 mwa apre ou fin fè yon **plent alekri** bay mèt kay la oswa fè yon plent bay ajans fòsdelòd yo konsènan vyolasyon kòd yo. Si mèt kay la fè sa, li pral oblije montre yon bon rezon pou ogmantasyon an oswa pou degèpisman an ki pa gen rapò ak plent ou a. Ou ka kapab pote pwosè kont mèt kay la pou domaj si mèt kay la eseye sa.

Fason pou Itilize Lis Kontwòl Kòd Lojman an

Dokimante pwoblèm yo

Gen prèv pwoblèm nan kondisyon lojman ou se kle pou rezoud pwoblèm nan.

- Fè foto oswa videyo sou kondisyon yo.
- Si ou pran foto sou telefòn ou, w ap bezwen enprime yo si w ale nan tribinal.
- Asire w ke foto ou yo montre pwoblèm yo klèman.
- Dokimante dat foto sa yo te pran.



Si ou itilize sit entènèt **Up to Code** la, ou ka telechaje foto epi ajoute lòt enfòmasyon sou chak pwoblèm. Ale sou UpToCode.org

Ranpli Lis Verifikasyon Kòd Lojman an

Pou ede w idantifye sa k pa bon an, ranpli **Lis Verifikasyon Kòd Lojman** an. Tcheke vyolasyon yo nan kay ou. Sa yo enkli vyolasyon nan zòn komen oswa vyolasyon ki gen rapò ak sistèm bilding ke lokatè yo pataje, tankou plonbri ak chofaj.

Ekri nan kolòn goch la dat apeprè lè mèt kay ou te konnen (oswa yon moun k ap travay pou mèt kay ou te konnen) chak vyolasyon. **Si pwoblèm nan te egziste lè ou te antre nan kay la oswa lè yon nouvo mèt kay te achte batiman ou an, ekri dat sa a.**

Kolòn dwat la nan Lis Verifikasyon an di w ki pati egzak nan Kòd Sanitè Leta a ki aplike si ou bezwen jwenn li. Lis verifikasyon sa a pa yon lis konplè tout vyolasyon nan Kòd Sanitè a.

Pou Kòd Sanitè konplè a ak direktiv ki lye yo, ale sou:
mass.gov/lis/lojman-kominote-sanitasyon

Fè Mèt Kay Ou Konnen Gen Pwoblèm

Mèt kay ou a responsab sèlman pou ranje pwoblèm li konnen yo. Asire w ke mèt kay ou konnen pwoblèm ki genyen nan kay ou a lè w di l, menm si w panse li ta dwe deja konnen. Li pi bon pou di yo **sa alekri.**

Remak: Kòd Sanitè a fè referans a yon mèt kay "pwopriyetè"; nou itilize tèm "mèt kay" pito.

Aksè nan Apatman Ou

Ou dwe bay mèt kay ou an aksè ki rezonab nan apatman ou an pou l enspekte l epi fè reparasyon kote ki gen move kondisyon yo. Mèt kay ou an dwe gen pèmasyon ou pou l antre nan apatman ou kote gen move kondisyon. **Nouvo Kòd Sanitè a egzije pou mèt kay la bay lokatè yo omwen 48 èdtan avi pou reparasyon ki pa ijan.** Avètisman an ka pi kout si gen yon ijans, tankou yon fwit dlo.

Mande yon Enspeksyon Kòd

Tout moun nan Massachusetts gen dwa pou yon ofisyèl enspekte apatman yo pou asire ke apatman an konfòm ak kòd yo. Komisyon Sante vil ou a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an fè enspeksyon an.

Anvan ou rele yon enspektè, li pi bon pou bay mèt kay ou an yon chans pou fè reparasyon yo. Si mèt kay ou an refize fè reparasyon, rele Biwo Sante lokal ou a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon pou fè yon enspeksyon. Mande enspektè kòd la oswa enspektè sante a. Ou souvan ka jwenn enfòmasyon kontak yo sou entènèt. Oswa rele otèl vil ou oswa otèl minisipalite w pou jwenn nimewo telefòn ajans ki fè respekte kòd la.

Lè enspektè a vini nan apatman ou, montre enspektè a pwoblèm yo. Enspektè a ka mete pwoblèm yo nan rapò a sèlman si li wè yo. Pa egzanp, yo ka sèlman rapòte ròdin oswa kafad si yo wè kèk siy yo. Li pi bon pou mache alantou ak enspektè a epi asire w ke li wè tout pwoblèm ki sou lis verifikasyon ou an. Enspektè a dwe ekri tout vyolasyon yo. Se lalwa.

Epitou, asire ou **revize responsablite okipan an nan lis verifikasyon** sa a anvan yon enspektè vini, konsa yo p ap ka voye siyasyon ba ou pou okenn pwoblèm ou ta ka lakòz.

Jwenn yon kopi rapò kòd la

- **Mande yon kopi rapò a**

Anvan enspektè a kite apatman ou an, mande yon kopi rapò li a. Enspektè a dwe ba ou yon kopi rapò kòd la anvan li ale - si ou mande l. Enspektè a dwe siyen rapò a tou apre mo sa yo: "siyen e sètifye anba doulè ak penalite pou parjiri." Si li poko siyen l, ou ta dwe pran yon lòt kopi rapò a ak lòd reparasyon an kèk jou apre kote yo pral siyen l. Vèsyon siyen an enpòtan pou konsève si ou bezwen ale nan tribinal.

- **Lòd Reparasyon ak Rapò**

Kèk jou apre, mèt kay ou an ta dwe resevwa yon kopi rapò a ak yon lòd pou reparasyon. Ou ta dwe resevwa tou yon kopi toulede pa lapòs. Lòd pou reparasyon an endike dat la oswa kantite tan mèt kay ou genyen pou l ranje vyolasyon yo. Si ou pa resevwa yon lòd reparasyon pa lapòs, kontakte enspektè a oswa ale nan Komisyon an epi mande yon kopi rapò a ak lòd reparasyon an.

- **Nòt pou Mèt Kay la**

Mande Konsèy Sante a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an pou ba ou yon kopi resi pou retou sèvis la bay mèt kay la." Resi a montre ke mèt kay la te resevwa rapò a ak lòd reparasyon an, epi li montre dat li te resevwa yo.

- **Rapò Kòd Sètifye**

Pou itilize rapò a nan ka tribinal ou a, li dwe genyen siyati orijinal enspektè a apre mo sa yo: "siyen epi sètifye sou pèn paji." Si kopi ou a pa gen siyati a, pote li bay Komisyon Sante a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an. Mande yo pou yo sètifye li. Si ou pa ka fè rapò kòd la sètifye, pote l nan tribinal la kanmenm epi mande jij la pou l gade l.

Echèk pou ranje vyolasyon yo

Si mèt kay ou an pa korije okenn pwoblèm nan delè Depatman Sante oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an fikse a, kontakte enspektè a. Mande yon re-enspeksyon. Ou ka bezwen gade lòt opsyon tou. Sa ou ka fè ak sa ou vle fè depann de sitiyasyon ou.

Yon mèt kay ka mete presyon sou ou pou w kite kay la si w pote plent sou kondisyon yo oswa si w ale nan tribinal pou mande reparasyon. Si ou pa vle demenaje, pa siyen yon akò nan koridò a oswa nan medyasyon ki di ou pral demenaje.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon ou yo si yon mèt kay refize fè reparasyon, gade:

bit.ly/MLHrepairs

Itilize Rapò Kòd la nan yon Dosye Tribinal

Si ou depoze yon pwosè kont mèt kay ou pou fè reparasyon oswa si mèt kay ou depoze yon pwosè pou mete ou deyò, pote kopi sètifye rapò enspektè a ak foto yo nan tribinal nan dat jijman an. Lè se tou pa w pou prezante ka w la:

- **Kòmanse pa dekri pwoblèm ki pi serye nan kay ou.**

Sèvi ak Lis Verifikasyon Kòd Lojman an pou ede w. Di jij la:

- 1) depi konbyen tan pwoblèm sa yo te egziste,
- 2) kilè ak kijan mèt kay la te konnen oswa te dwe konnen yo, epi
- 3) ki etap, si genyen, mèt kay la te pran pou repare yo.

- **Montre jij la foto sou move kondisyon yo.**

Di jij la kilè yo te pran yo epi sa yo montre. Sèvi ak sèlman 1 oswa 2 foto klè pou chak pwoblèm.

- **Montre jij la kopi rapò kòd ou a.**

- **Pale ak jij la sou difikilte move kondisyon yo te lakoz pou ou.**

Pa egzanp, si chalè a te move e fenèt yo te kite van antre, di jij la si pitit ou yo te pran grip oswa si ou te oblije dòmi nan kwizin nan toupre recho a pou w rete cho. Si recho ou te kase epi ou pa t ka fè manje, di jij la si ou te oblije depanse plis lajan pou achte manje ki deja kwit oswa pou manje deyò. Fè jij la konnen si ou menm oswa fanmi ou te oblije rate lekòl, oswa travay, oswa te pèdi dòmi.

- **Pou jwenn plis enfòmasyon** sou dwa legal ou yo ak kijan pou prezante ka w la nan tribinal, gade

bit.ly/MLHLegalDefenses

Lis Kontwòl Kòd Lojman

Kondisyon Ijans Mèt Kay Dwe Repare Nan 24 Èdtan

Dapre Kòd Sanitè leta a, yon konsèy sante dwe, nan 12 èdtan apre yon enspeksyon, bay yon mèt kay la lòd pou fè yon efò bòn lafwa pou repara vyolasyon sa yo nan 24 èdtan. Ou ka jwenn vyolasyon sa yo nan Kòd Règleman Massachusetts la nan 105 CMR §410.630(A).

Kondisyon Ijans		
Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Pa gen oswa pa gen ase dlo cho oswa frèt (ki gen ladan kantite, presyon, ak tanperati) pou 24 èdtan oswa plis.	410.630(A)(1) 410.130 410.140, 410.150
	<input type="checkbox"/> Pa gen ase chofaj oswa gen twòp chofaj. (Gade seksyon sou chalè a anba a.)	410.630(A)(2) 410.180
	<input type="checkbox"/> Ventilasyon ki pa kòrèk pou chofaj dlo, chofaj espas, sechwa rad oswa recho elektrik (eksepte si yo pa gen kanal)	410.630(A)(2) 410.160(C) 410.170(B) & (C)
	<input type="checkbox"/> Itilizasyon ki pa kòrèk yon chofaj espasyal oswa yon chofaj dlo	410.630(A)(2) 410.160(C)410.170
	<input type="checkbox"/> Koupe kouran ak/oswa echèk pou rekonekte kouran an, gaz, oswa dlo.	410.630(A)(3)
	<input type="checkbox"/> Pa gen priz kouran oswa limyè ki pa ase nan inite a oswa nan zòn komen yo.	410.630(A)(4) 410.300
	<input type="checkbox"/> Pa gen dlo potab.	410.630(A)(5) 410.130(A)
	<input type="checkbox"/> Pa gen twalèt, lavabo, douch oswa beny ki mache.	410.630(A)(6) 410.110(A) & (B) 410.130
	<input type="checkbox"/> Pa gen sistèm egou k ap fonksyone.	410.630(A)(6) 410.130(B)
	<input type="checkbox"/> Pa gen okenn evye nan kwizin nan ki ase gwo pou lave asyèt ak materyèl kizin yo	410.630(A)(7)(a) 410.100(A)

<input type="checkbox"/>	Pa gen yon konbinezon recho ak fou k ap fonksyone oswa pa gen yon frijidè ak konjelatè k ap fonksyone (sòf si lokatè a te dakò nan yon kontra lokasyon alekri pou bay li)	410.630(A)(7)(b) 410.100(A) 410.235(A)(8) 410.235(A)(15)
<input type="checkbox"/>	Sòti ki pa apwopriye, ki gen ladan bloke nenpòt sòti, pasaj, oswa espas komen kote ou sòti lè gen ijans.	410.630(A)(8) 410.260
<input type="checkbox"/>	Pa gen oswa pa gen ase kadna sou pòt antre ni apatman an ni batiman an.	410.630(A)(9) 410.270(A)
<input type="checkbox"/>	Depo oswa ramasaj fatra ki pa ase, ki ka atire wonjè, ensèk, oswa lòt bèt nuizib; oswa ki ka lakoz aksidan oswa maladi.	410.630(A)(10) 410.560 410.570
<input type="checkbox"/>	Penti baz plon, anndan oswa deyò, ke yon timoun ki poko gen 6 lane ta ka rive jwenn.	410.630(A)(11) 105 CMR 460 G.L. c. 111, §§190-199
<input type="checkbox"/>	Defo nan twati kay, fondasyon, oswa lòt defo estriktirèl ki ka ekspoze w nan dife, boule, chòk, aksidan, oswa lòt danje.	410.630(A)(12) 410.500
<input type="checkbox"/>	Aparèy oswa ekipman elektrik, plonbri, oswa chofaj ki pa enstale oswa antretni kòrèkteman, ki ekspoze okipan an a dife, boule, chòk, aksidan, oswa lòt danje.	410.630(A)(13) 410.235 410.240
<input type="checkbox"/>	Nenpòt defo nan materyèl konstriksyon yo itilize pou kouvri tiyo, chodyè oswa founèz ki ka lakoz liberasyon pousyè amiant.	410.630(A)(14) 410.250
<input type="checkbox"/>	Pa gen okenn detektè lafimen ki nan bon kondisyon pou fonksyone.	410.630(A)(15) 410.330 410.235(A)(13)
<input type="checkbox"/>	Pa gen okenn alam monoksid kabòn ki nan bon kondisyon pou fonksyone.	410.630(A)(15) 410.330 410.235(A)(13)
<input type="checkbox"/>	Pa gen okenn baraj oswa pwoteksyon ki an sekirite pou eskalye, galri, balkon, twati oswa espas similè yo.	410.630(A)(16) 410.520
<input type="checkbox"/>	Pa rive kenbe lokal la lib de ensèk nuizib. (Remak: Lokatè yo responsab tou pou kenbe inite yo pwòp pou anpeche atire ensèk nuizib.)	410.630(A)(17) 410.550(A) & (B)
<input type="checkbox"/>	Nenpòt lòt vyolasyon ke mèt kay la pa korije nan tan enspektè a bay la.	410.630(A)(18)
<input type="checkbox"/>	Nenpòt lòt vyolasyon nan Kòd Sanità a ke enspektè a jwenn ki danjere pou sante ak sekirite.	410.630(B)

Kondisyon Mèt Kay Dwe Repare Nan 30 Jou

Si gen vyolasyon sa yo nan apatman ou, mèt kay ou an dwe repara oswa bay atik ak sèvis ki endika anba yo nan 30 jou apre li fin resevwa notifikasyon sou vyolasyon an. Si lòd la di yon tan ki pi kout, mèt kay la dwe respekte l. Yon enspektè dwe enfòmè mèt kay la nan 7 jou apre enspeksyon an (410.640).

Chofaj		
Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe bay chalè epi peye pou li, sòf si ou siyen yon akò alekri ki di ou dwe peye pou gaz, elektrisite oswa lwil ki bay chalè a.	410.180 410.630(A)(2) 410.200(A) 410.210 410.010 (definisyon "founi")
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe bay epi kenbe yon sistèm chofaj ki an bon eta fonksyònman. Yon sistèm chofaj pa enkli chofaj elektrik pòtab, yon chemine oswa recho bwa oswa pelet.	410.160(A) 410.235(A)(6) & (14) 410.630(A)(2) & (13)
	<input type="checkbox"/> Chofaj espas ki mache ak pwopàn oswa gaz natirèl ki pa gen vantilasyon epi ki pa apwouve pa Kòd Sekirite Dife Massachusetts la entèdi.	410.160(C) 527 CMR 1.00
	<input type="checkbox"/> Soti 15 septanm rive 31 me, mèt kay la dwe bay chofaj nan chak "chanm ki ka abite" ak twalèt yo omwen: <ul style="list-style-type: none"> - 68 degre Fahrenheit ant 7 a.m. ak 11 p.m. - 64 degre Fahrenheit ant 11 p.m. and 7 a.m. "Chanm ki abitab" vle di nenpòt chanm ki pral itilize pou viv, dòmi, kwit manje, oswa manje. (Remak: Pa bezwen gen yon sous chalè nan chak chanm, men tanperati a dwe satisfè estanda ki mansyone pi wo a.) Yon komisyon sante lokal ka retade kòmansman sezon chofaj la jiska 30 septanm epi li ka fini sezon chofaj la pa pi bonè pase 15 me nan yon ane patikilye epi li dwe afiche sa sou sit entènèt minisipalite a.	410.180(A) 410.010 410.180(D)
	<input type="checkbox"/> Tanperati a pa dwe depase 78 degre Fahrenheit nan okenn moman pandan sezon chofaj la.	410.180(B)

Dlo		
Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Asè dlo, ak presyon ak tanperati ki apwopriye (ni cho ni frèt), pou satisfè bezwen òdinè chak okipan.	410.130(A) 410.630(A)(1)
	<input type="checkbox"/> Ekipman ki bay ase dlo cho nan yon tanperati ant 110 ak 120 degre Fahrenheit pou yon beny oswa yon douch, ak ase presyon pou itilizasyon òdinè ou.	410.150(C) 410.630(A)(1)
	<input type="checkbox"/> Ekipman ki bay ase dlo cho nan yon tanperati ant 110 ak 130 degre Fahrenheit pou evye kwizin ak twalèt, ak ase presyon pou itilizasyon òdinè ou.	410.150(B) 410.630(A)(1)
	<input type="checkbox"/> Si ou gen yon kontra lokasyon ekri ki di ou dwe bay elektrisite, gaz ak/oswa lwil pou chofe dlo cho a, mèt kay ou an dwe toujou bay ekipman pou chofe dlo a.	410.200 410.210
	<input type="checkbox"/> Yon chofaj dlo cho ki byen vantile pou deyò. Si chofaj dlo a se elektrik, li pa bezwen yon vantilasyon. Chofaj dlo ansyen mòd ki gen flanm ouvè entèdi.	410.170(A) 410.630(A)(2)
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe bay yon sistèm sanitè pou jete dlo egou.	410.130(B)
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe bay dlo epi peye pou li. Men, apre 16 Mas 2005, mèt kay la ka faktire lokatè a pou dlo ak egou kote chaj yo kòmanse depi lokatè a te antre nan apatman an si mèt kay la te: <ol style="list-style-type: none"> a) Enstale epi ap fè antretyen nan yon kontè dlo ki mezire dlo k ap ale sèlman nan inite w la oswa nan yon zòn se ou menm sèlman ki itilize l; b) Enstale aparèy ki ekonomize dlo ak debi ultra-ba sou tout douch, tiyo, ak twalèt nan inite w la; c) Detaye aranjman pou bòdwo dlo ant ou menm ak mèt kay la nan yon kontra lokasyon ekri nan kòmansman lokasyon ou; epi d) Depoze yon sètifika bay konsèy sante lokal la oswa ajans ki responsab pou aplike Kòd Sanitè leta a, ki siyen pa yon plonbye ki gen lisans, ki deklare inite ou a konfòm ak lwa sou soumetraj la, epi li te bay ou sètifika sa a ansanm ak kontra 	G.L. c. 186, §14 G.L. c. 186, §22 410.130(C)

		lokasyon ekri a ki dekri aranjman faktirasyon soumetraj dlo a.	
	<input type="checkbox"/>	Yon mèt kay dwe pèmèt ou jwenn aksè ak nenpòt dlo kontè ki afekte inite w la pou, si sa nesesè, Ou ka fè verifye presizyon kontè a.	410.130(E)
	<input type="checkbox"/>	Yon mèt kay ki te enstale konte dlo endividyèl pa ka koupe oswa refize sèvis dlo a nan okenn moman. Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa kontè dlo yo, gade: Ki Lè Yo Ka Faktire yon Lokatè Dirèkteman pou Dlo selon Lwa sou Dlo a? www.MassLegalHelp.org/housing/booklets/water-law	410.130(D)
Elektrisite, Gaz, ak Chofaj			
Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon		Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/>	Lokatè yo sèlman responsab pou peye pwòp elektrisite ak gaz yo si apatman yo gen yon kont endividyèl epi kontra lokasyon an di ke yo dwe peye pou pwòp elektrisite ak gaz yo. Sinon, mèt kay la dwe bay epi peye sèvis piblik sa yo. (Gade seksyon "Ekleraj" ki anba a pou eksepsyon.)	410.200
	<input type="checkbox"/>	Lokatè yo responsab sèlman pou peye pou lwil la si li soti nan yon tank apa ki sèvi sèlman inite yo, epi kontra lokasyon yo di yo dwe peye pou pwòp lwil pa yo. Sinon, mèt kay la dwe bay lwil la epi peye pou li.	410.210
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la dwe bay okipan an aksè nan tablo distribisyon elektrik la tout tan. Men, mèt kay la pa bezwen bay okipan an aksè si mèt kay la peye pou elektrisite a epi gen aksè 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, nan panèl la atravè yon manadjè.	410.200(C)
	<input type="checkbox"/>	Sèvis kouran an dwe bay ase amperaj pou satisfè bezwen rezonab ou yo.	410.320(B)

Kablaj ak Priz Elektrik

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Kablaj la pa dwe pase anba tapi oswa lòt kouvèti planche, ni nan antre pòt.	410.320(A)(2) & (3)
	<input type="checkbox"/> Yo pa dwe itilize kablaj tanporè. Men ou ka itilize fil ekstansyon pou aparèy pòtab oswa fiks ki gen bon evalyasyon pou aparèy oswa fiks espesifik la.	410.320(A)(1) & (4)
	<input type="checkbox"/> Se responsablite mèt kay la pou enstale ak fè antretyen nan priz elektrik yo pou yo fonksyone byen.	410.235(A)(12)
	<input type="checkbox"/> Nan yon kwizin, yon mèt kay dwe bay 2 priz elektrik sou miray la anplis yon priz pou yon frijidè ki gen frizè ak yon priz pou yon recho konvansyonèl ak fou.	410.300(B)
	<input type="checkbox"/> Nan chak "chanm ki ka abite", eksepte kwizin ak twalèt, mèt kay ou dwe bay 2 priz elektrik sou miray diferan, oswa 1 aparèy limyè elektrik ak 1 priz sou miray. Yon "chanm ki abitan" gen ladan chanmakouche ak salon, men li pa gen ladan koridò, klozèt, espas depo oswa chanm lesiv.	410.300(A)

Ekleraj

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Chak "chanm ki abitan" dwe genyen vè transparan oswa translusid ki pèmèt limyè antre soti deyò. Vè a dwe gen yon zòn ki omwen egal a 8% nan zòn planche chanm sa a. Sa a pa aplike pou okenn twalèt kèlkeswa gwosè li oswa pou yon kwizin ki pi piti pase 70 pye kare. Yon "chanm abitan" gen ladan chanm dòmi ak salon, men li pa enkli koridò, klozèt, oswa chanm lesiv.	410.430(A)
	<input type="checkbox"/> Nan yon kwizin, yon mèt kay la dwe bay 1 aparèy limyè elektrik.	410.300(B)
	<input type="checkbox"/> Nan yon twalèt, yon mèt kay dwe bay 1 aparèy limyè elektrik.	410.300(C)
	<input type="checkbox"/> Nan yon "chanm abita" ki pa yon kwizin oswa yon twalèt, mèt kay la dwe bay 1 aparèy limyè elektrik.	410.300(A)

Nan espas ki vin apre yo, mèt kay ou an dwe bay aparèy limyè elektrik ak enteriptè oswa detektè ki pèmèt yon itilizasyon ki an sekirite e ki rezonab, si limyè ki soti nan zòn ki toupre a pa ase:		410.300(D)(1)
<input type="checkbox"/>	Sal lesiv.	(a)
<input type="checkbox"/>	Gadmanje	(b)
<input type="checkbox"/>	Koulwa, eskalye, antre	(c), (d) & (e)
<input type="checkbox"/>	Klozèt ak espas depo	(f) & (g)
<input type="checkbox"/>	Kav	(h)
Mèt kay ou a dwe bay aparèy limyè elektrik ak switch oswa detektè nan:		410.300(D)(2)
<input type="checkbox"/>	Galri	(a)
<input type="checkbox"/>	Teras	(b)
<input type="checkbox"/>	Koridò ak eskalye deyò	(c) & (d)
<input type="checkbox"/>	Eskalye sekou an nan ka dife	(e)
Nan yon kay ki gen plis pase yon inite oswa nan yon mezon chanm, mèt kay ou dwe bay ase limyè ki sou detektè mouvman, sou revèy, oswa ki limen 24 èdtan pa jou nan espas komen sa yo:		410.300(D)(3)
<input type="checkbox"/>	Antre	(a)
<input type="checkbox"/>	Koulò ak eskalye	(b) & (c)
<input type="checkbox"/>	Galri ak teras	(d) & (e)
<input type="checkbox"/>	Koridò ak eskalye deyò	(f) & (g)
<input type="checkbox"/>	Eskalye sekou nan ka dife	(h)
<input type="checkbox"/>	Nan rezidans ki gen 2 oswa 3 inite, si okipan yon inite responsab pou peye sèvis elektrisite a, yon kontra lwaye ekri ka deklare ke okipan an responsab pou peye limyè ki nan zòn komen ki dirèkteman deyò inite li a e ki konekte sou sistèm elektrik inite li a. Lokatè yo sèlman responsab pou peye elektrisite komen si kontra lwaye a di sa klèman. Nenpòt obligasyon pou peye pou limyè nan zòn komen yo ka kòmanse sèlman lè yon nouvo lokasyon kòmanse.	410.300(F)
<input type="checkbox"/>	Bati ki gen 10 inite oswa plis dwe gen limyè ijans rezèv ak siy sòti.	G.L. c. 143, §21D 410.310
<input type="checkbox"/>	Mèt kay yo dwe bay anpoul nan tout aparèy limyè ki obligatwa nan zòn komen yo.	410.300(E)

Kwizin

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Dwe gen kabinè, pandri oswa etajè pou estoke manje.	410.100(A)(1)
	<input type="checkbox"/> Li dwe gen yon plan travay, epi mi ki anlè plan travay la kote evye a ye a dwe gen yon sifas lis, fasil pou netwaye, epi fòmè yon sele etanche ak plan travay la. Sifas la ta dwe pwolonje omwen 24 pous anlè kontwa a kote sa pratik.	410.100(A)(2) & (C)
	<input type="checkbox"/> Evye a dwe ase gwo pou lave asyèt, konekte ak dlo cho ak frèt, gen bon drenaj epi pa gen okenn flit ni lòt defo.	410.100(A)(3) 410.140(A) 410.630(A)(7)(a) 410.235(A)
	<input type="checkbox"/> Fòk gen espas ak yon priz kouran pou enstale yon frijidè ki gen yon konjelatè.	410.100(A)(4) 410.300(B)
	<input type="checkbox"/> Dwe gen espas ak yon priz elektrik pou enstale yon recho ak yon fou.	410.100(A)(4) 410.300(B)
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe bay yon recho ak yon fou ki gen omwen 1.7 pye kib espas nan fou a, an bon kondisyon pou itilize (sòf si yon akò alekri egzije lokatè a pou bay yo).	410.100(A)(5) 410.235(A)(8) 410.630(A)(7)(b)
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe bay yon frijidè ki gen yon konjelatè ak yon espas depo total ki ka rive jiska 11 pye kib, ki an bon kondisyon fonksyonman (sòf si yon akò alekri egzije lokatè a pou bay li).	410.100(A)(6) 410.235(A)(15) 410.630(A)(7)(b)
	<input type="checkbox"/> Tout kontwa kwizin, kabinè, pandri ak etajè dwe lis epi dlo pa gendwa travèse yo. Pa dwe gen okenn defo ki fè yo difisil pou kenbe pwòp oswa ki kreye yon danje aksidan.	410.100(B)
	<input type="checkbox"/> Planche yo dwe lis, ki pa korozif e ki pa absòban. Planche an bwa dwe gen yon fini ki reziste dlo epi ki pa gen okenn fant.	410.100(D)
	<input type="checkbox"/> Si mèt kay la bay aksè ak enstalasyon pataje pou fè manje, mèt kay la dwe asire ke enstalasyon sa yo: <ul style="list-style-type: none"> (1) Separe de nenpòt inite lojman; (2) Aksè a li posib san pase nan okenn pati nan yon lòt inite lojman oswa inite chanm; epi 	410.100(E)

	(3) Kenbe nan yon kondisyon pwòp ak sanite, epi tout sifas ki an kontak ak manje yo dezenfekte omwen yon fwa chak 24 èdtan, e pi souvan si sa nesèsè.	
<input type="checkbox"/>	Omwen yon aparèy limyè k ap mache ak de mi ki aksesib Fòk yo bay priz kouran, anplis de priz pou yon frijidè ki gen frizè, ak pou yon recho ak yon fou.	410.300(B)
<input type="checkbox"/>	Nan kwizin ki gen plis pase 70 pye kare, dwe gen yon fenèt an vè ki kite limyè antre soti deyò. Vè a dwe, omwen, 8% nan tout zòn planche a. (Pa egzanp: Si planche a se 70 pye kare, vè a dwe 5.6 pye kare.)	410.430(A)(2)
<input type="checkbox"/>	Nenpòt ekipman opsyonèl ke mèt kay la enstale dwe byen enstale, byen antretni pa mèt kay la epi san defo. Ekipman kwizin opsyonèl gen ladan machin pou lave asyèt, machin pou lave rad ak sechwa, èkondisyone, moulen fatra, fou mikwo ond, ak kapo vantilasyon pou recho. Ekipman opsyonèl ke lokatè a enstale dwe antretni pa lokatè a.	410.235(B) 410.240(A)

Saldeben

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
<input type="checkbox"/>	Yon twalèt ki nan yon chanm ki pa itilize pou viv, dòmi, kwit manje, oswa manje, ki gen yon pòt ki ka fèmen epi ki aksesib depi andedan bilding lan san pa bezwen pase nan yon lòt inite.	410.110(A)
<input type="checkbox"/>	Yon twalèt apwouve ak yon chèz twalèt, san defo oswa fant.	410.110(B)(1) & (C) 410.630(6) 410.120
<input type="checkbox"/>	Yon lavabo twalèt, san defo, ki nan menm chanm ak twalèt la oswa bò kote pòt ki mennen nan twalèt la (pa ka yon lavabo kwizin), epi ki konekte ak tiyo dlo cho ak frèt ansanm ak yon sistèm drenaj sanitasyon ki konfòm.	410.110(B)(2) & (C) 410.410(A) 410.630(6)
<input type="checkbox"/>	Yon douch oswa yon beny, san defo oswa fant, konekte ak tiyo dlo cho ak frèt epi ak yon sistèm eliminasyon sanitè ki konfòm.	410.110(B)(3) & (C) 410.630(6)
<input type="checkbox"/>	Yon aparèy limyè elektrik ki an bon eta.	410.300(C)
<input type="checkbox"/>	Vantilasyon adekwa. Gade Ventilasyon anba a.	410.220

	<input type="checkbox"/>	Enstalasyon yo dwe gen sifas lis ak enpèmeyab, san defo, epi ki fasil pou kenbe pwòp.	410.110(C)
	<input type="checkbox"/>	Nan yon kay kote plizyè moun ap viv ak twalèt pataje, pou chak 8 okipan, mèl kay la dwe bay: <ul style="list-style-type: none"> • yon twalèt ak yon chèz twalèt (gen kèk pispwè ki pèmèt nan tout twalèt gason yo) • yon evye • yon basen oswa yon douch 	410.110(E)
	<input type="checkbox"/>	Pou nenpòt rezidans kote yo pataje enstalasyon twalèt yo, mèl kay la dwe asire ke yo pwòp ak sanitasyon, epi ke enstalasyon yo dezenfekte omwen yon fwa chak 24 èdtan, epi pi souvan si sa nesesè.	410.110(D)
Egzijans Espas			
Dat mèl kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon		Seksyon Kòd Sanitè (nan 105 CMR)
	<input type="checkbox"/>	Chak inite lojman dwe genyen omwen 150 pye kare espas planche pou premye okipan an ak 100 pye kare pou chak okipan anplis. Adisyone tout espas planche nan "chanm abitan" yo pou jwenn kantite pye kare nan inite ou a. Okenn zòn nan yon chanm ki gen wotè plafon ki pi ba pase 5 pye pa konte nan espas planche a. "Chanm ki abitan" vle di nenpòt chanm ki pral itilize pou viv, dòmi, kwit manje, oswa manje. Pa mete pandri ou an, twalèt yo, chanm lesiv la, koulwa yo, klozèt yo, oswa espas depo yo.	410.420 410.010 (definisyon yon chanm abitan)
	<input type="checkbox"/>	Yon chanm dwe gen yon wotè plafon ki se 7 pye oswa plis sou 75% nan espas planche a.	410.420(B)
	<input type="checkbox"/>	Chak chanm dòmi dwe gen omwen 70 pye kare espas sou planche a si se sèlman yon moun k ap dòmi ladan l. Si plis pase yon moun ap dòmi nan chanm nan, li dwe genyen 50 pye kare espas planche pou chak moun.	410.420(D)(3) & (4)

Sòti

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Tout lojman - enkli kay pou yon sèl fanmi, bilding ki gen plizyè inite, kondominyòm, kay kote yo lwe chanm, ak abri - dwe genyen tout kantite sòti ki nesèsè pou pèmèt moun soti an sekirite.	410.260(A) Gade tou 780 CMR: Kòd Bati Massachusetts
	<input type="checkbox"/> Nan yon pwopriyete pou yon sèl fanmi, okipan yo dwe kenbe tout sòti yo lib de nenpòt obstak.	410.260(C)
	<input type="checkbox"/> Nan yon pwopriyete ki gen plis pase yon inite, mèt kay la dwe kenbe tout sòti pataje yo an sekirite, nan zòn komen yo san okenn obstak, an sekirite epi san glas ak nèj. Sa gen ladan eskalye ekstèn, echapwa dife, ak pon ekstèn.	410.260(D)(1) & (2)
	<input type="checkbox"/> Nan yon pwopriyete ki gen plis pase yon inite, okipan an dwe kenbe sòti ki nan inite li yo san okenn obstak epi dwe kenbe teras, galri ak platfòm ki bò kote inite li yo san okenn obstak ak fatra.	410.260(D)(3) 410.570(C)(2)
	<input type="checkbox"/> Si ou gen yon sòti ke ou pa pataje ak pèsonn, ou menm ak mèt kay ou an ka gen yon akò alekri ki di ou dwe kenbe sòti ou an san okenn nèj ni glas.	410.260(D)(4)
	<input type="checkbox"/> Tout pòt sòti yo dwe ka louvri depi anndan san itilize okenn kle, kodpad oswa konesans espesyal pou evite moun bloke nan bilding lan.	410.270(A)(5)
	<input type="checkbox"/> Okenn moun, kit se lokatè oswa mèt kay la, pa dwe bloke okenn sòti oswa pasaj.	410.260(B)
	<input type="checkbox"/> Materyèl resiklab ak fatra dwe estoke san yo pa bloke sòti yo.	410.560(D)(4)
	<input type="checkbox"/> Bati ki gen 10 inite oswa plis dwe gen siy sòti nan koridò yo ak nan pwen sòti yo, epi yon sistèm ekleraj ijans. Siy yo dwe montre sòti prensipal ak sòti segondè yo ak yon dyagram oswa yon senbòl pou asire ke moun yo ka konprann yo kèlkeswa kapasite yo pou pale Anglè.	410.310 G.L. c. 143, §21D

Sekirite

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe enstale epi kenbe detektè lafimen ak alam monoksid kabòn yo an bon eta fonksyonman nan pifò bilding yo. Mande Chèf Ponpye a si ou gen kesyon.	410.235(A)(13) 410.330
	<input type="checkbox"/> Yon mèt kay dwe kenbe, teste, repare, epi ranplase, si sa nesèsè, yon alam dife ak yon alam monoksid kabòn oswa yon sistèm alam, lè yo renouvle nenpòt kontra lwaye oswa chak ane, kèlkeswa sa ki pi souvan.	527 CMR 1.05 13.10.3.2.1 Kòd Konplè Sekirite Dife Massachusetts
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe asire ke tout fenèt ekstèn yo gen kadna ki mache lè yo louvri.	410.270(A)(6)
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe asire ke tout pòt antre yo gen kadna ki mache byen.	410.270(A)(4)
	<input type="checkbox"/> Batiman ki gen plis pase 3 apatman dwe gen yon pòt devan prensipal ki fèmen epi ki fèmen ak yon kadna otomatikman, epi chak pòt ekstèn dwe gen yon kadna ki fonksyone. Sa a pa aplike pou otorite lojman, kay pou lòdjman, dòmitye oswaabri pou moun san kay.	410.270(A)(3)
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe bay okipan an yon kle pou pòt prensipal bilding lan ak pou tout pòt antre inite okipan an.	410.270(B)
	<input type="checkbox"/> Batiman ki gen plis pase 70 pye wotè dwe genyen yon sistèm espre otomatik dapre Kòd Bati leta a. Si ou gen kesyon, mande Enspektè Lojman an.	G.L. c. 148, §26A

Wonjè ak Ensèk

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<p>Pa gen rat, kawòt, sourit, ti moustik kabann, oswa lòt ensèk ki pèmèt nan apatman an oswa nan bilding lan. Alafwa mèt kay la ak okipan yo responsab pou anpeche ak elimine ensèk nuizib.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Yon mèt kay dwe fè yon enspeksyon nan chak inite anvan nouvo okipasyon pou idantifye prezans ensèk nuizib epi mete rezilta yo disponib sou demann komisyon sante a. - Nan yon kay pou yon sèl fanmi, okipan an dwe kenbe inite a lib de ensèk nuizib e li responsab pou elimine yo, eksepte si mèt kay la pa t kenbe batiman an jan sa nesesè pou anpeche ensèk nuizib antre. - Nan yon rezidans ki gen 2 inite oswa plis, enkli yon kay kote yo lwe chanm, mèt kay la dwe kenbe espas yo lib de ensèk nuizib epi li responsab pou elimine yo, epi okipan an dwe kenbe inite li a nan yon fason sanite pou anpeche ensèk nuizib atire. 	<p>410.630(A)(17)</p> <p>410.550(F) & (G)</p> <p>410.550(A)</p> <p>410.550(B) & (E)</p>
	<p>Ekstèminasyon dwe fèt pa:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Elimine kòz rasin oswa kondisyon kote ensèk nuizib yo ka viv, pwospere, repwodui, epi manje. - Retire materyèl ki ka sèvi kòm manje oswa kòm kote pou repwodiksyon. - Anpwazònman, espre, fimigasyon, pyèj oswa nenpòt lòt metòd legal pou elimine ensèk nuizib. 	<p>410.550(C)</p>
	<ul style="list-style-type: none"> - Okipan an dwe resevwa omwen 48 èdtan avètisman anvan yo aplike okenn pestisid andedan. - Notifikasyon an dwe fèt alekri epi li dwe gen ladan non ak nimewo telefòn konpayi an, dat pwopoze pou aplikasyon an, kote yo pral trete yo, non ak engredyan aktif ki nan pestisid yo. 	<p>410.550(D)</p>

		Lè yo resevwa yon avi, mèt kay la ak okipan yo dwe bay aksè nan zòn komen yo, inite yo epi swiv tout enstriksyon pou prepare anvan aplikasyon pestisid la.	
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la dwe kenbe bilding yo ak eleman estriktirèl yo lib de ensèk nuizib, epi san fant ak twou ki ta ka pèmèt ensèk nuizib antre oswa abiye ladan yo.	410.500(A)(2)
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la dwe enstale moustikè sou fenèt ak pòt yo ki byen sere pou anpeche ensèk antre. (Anvigè soti 1e Avril pou rive 31 Oktòb.)	410.540(A) & (C)
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la dwe kenbe depo ak jete fatra a nan yon fason ki reziste ensèk nuizib epi ki anpeche bèt sovaj jwenn aksè (pou nenpòt rezidans ki gen plis pase yon inite lojman).	410.560(D) & (F)
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la dwe kenbe tè a pwòp, an sekirite epi sanitasyon, san okenn ensèk nuizib.	410.570(A)(2)
	<input type="checkbox"/>	Sifas planche chak kwizin ak depo manje dwe fini pou anpeche bèt nuizib jwenn refij.	410.100(D)

Fatra

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la responsab pou jete fatra yo epi peye pou retire yo nan nenpòt rezidans ki gen 2 inite oswa plis (eksepte atik gwo volim oswa nan yon vil/komin ki gen yon pwogram "peye jan ou jete"). Dechè vle di fatra, fatra, materyèl pou resikle, gwo atik, ak dechè jaden.	410.560(A) 630(A)(10) 410.010 definisyon
	<input type="checkbox"/> Okipan an responsab pou peye pou ranmase fatra a epi jete li nan yon rezidans pou yon sèl fanmi.	410.560(A)
	<input type="checkbox"/> Dechè yo dwe estoke nan bwat fatra ki pa kite dlo pase, ki gen kouvèti ki byen fèmen ak sak enteryè. Mèt kay la dwe bay yon kantite ase bwat oswa kontenè pou fatra ak materyèl resiklabl.	410.560(D) & (E)(1)
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe mete yon kontenè fatra oswa yon kontenè pou dechè sou pwopriyete a pou li fasil pou lokatè yo epi pou odè pa antre nan espas kote w ap viv la.	410.560(E)(2)

	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la ak okipan yo dwe swiv egzijans kominote yo pou jete "gwo atik," tankou matla, gwo aparèy, ak mèb.	410.560(C)
	<input type="checkbox"/>	Okipan yo dwe swiv egzijans kominote yo pou separe materyèl resiklab, dechè jaden, dechè manje ak gwo atik.	410.560(B)
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la dwe kenbe tè a ak zòn komen yo nan yon kondisyon ki sanitasyon ak an sekirite, san fatra.	410.570(A) & (C)
Vantilasyon			
Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon		Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/>	Chak chanm ki abitab ak twalèt dwe genyen fenèt, fenèt plafon oswa pòt nan miray ekstèn oswa nan dokay ki ouvè fasilman pou yon ouvèti total ki pa mwens pase 4% nan zòn planche chanm sa a; oswa sistèm vantilasyon mekanik adekwa ki konekte ak deyò a.	410.220(A)
	<input type="checkbox"/>	Lè yon konsèy sante jwenn ke vantilasyon natirèl pa ase pou retire imidite ki anplis, vantilasyon mekanik vin nesèsè.	410.220(B) & (C)
	<input type="checkbox"/>	Sistèm vantilasyon mekanik yo dwe gen mwayen ki aksesib pou fèmèn yo, sof si yo fèt pou fonksyone yon fason otomatik.	410.220(D)
	<input type="checkbox"/>	Tout aparèy ki boule gaz (tankou founo, recho bwa, recho pelèt, chofaj dlo, ak chofaj espas ki gen pèmi) dwe gen vantilasyon ki mennen deyò. (Eksepte chofaj espas apwouve ki pa gen vantilasyon pou pwopàn oswa gaz natirèl.)	410.170(A)
	<input type="checkbox"/>	Tout aparèy pou seche rad dwe gen vantilasyon ki mennen deyò. (Eksepte sechwa ki make kòm san vantilasyon.)	410.170(B)
	<input type="checkbox"/>	Tout kapo elektrik pou recho dwe gen vantilasyon ki mennen deyò. (Eksepte kapo ki make kòm resikilasyon oswa san kanal.)	410.170(C)

Penti abaz Plon

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanità nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Prezans penti ki gen plon nan yon kay oswa inite lojman ki vyole Lwa sou Prevansyon ak Kontwòl Pwazon Plon se yon kondisyon ki mete an danje oswa ki afekte gravman sante oswa sekirite.	410.630(11), 470
	<input type="checkbox"/> Si ou gen yon timoun ki poko gen 6 an, mèt kay ou an dwe retire oswa kouvri penti plon an kòm sadwa jiska 5 pye depi atè a. Repentire ak yon penti san plon pa ase bon. Li ilegal pou refize lwe oswa pou mete yon fanmi deyò akòz penti plon.	G.L. c. 111, §§ 190 rive 199

Antretyen nan Batiman

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanità nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe kenbe tout bilding ak eleman estriktirèl yo an bon eta. Eleman estriktirèl yo jeneralman gen ladan fondasyon, planche, mi, pòt, plafon, do kay, eskalye, galri, ak chemine <input type="checkbox"/> Dlo pa dwe travèse yo, san twòp imidite oswa aparans mwazi, epi rezistan kont ensèk nuizib. Yo dwe san twou, fann, plâtre ki lach ak lòt defo ki ka lakòz blesi oswa ki pèmèt ensèk antre.	410.500 410.630(A)(12)
	<input type="checkbox"/> Si gen yon flit oswa yon inondasyon, mèt kay la dwe asire ke tout sifas yo seche nan 48 èdtan apati lè yo resevwa notifikasyon an oswa nan fen evènman an, kèlkeswa sa ki rive an premye.	410.500(B)
	<input type="checkbox"/> Dlo pa gen dwa travèse pòt ak fenèt yo lè gen move tan. Tout vè yo dwe antye epi byen sele. Tout fenèt ak pòt dwe byen ajiste pou anpeche lè oswa imidite antre, oswa dwe gen yon fenèt tanpèt oswa yon pòt tanpèt.	410.530

	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la dwe bay epi enstale moustikè ki byen sere pou fenèt ekstèn yo soti 1ye avril rive 31 oktòb. Moustikè tanporè ki ka elaji pa otorize nan fenèt yo.	410.540(A) & (B)
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la dwe bay epi enstale yon pòt moustik pou tout ouvèti ki louvri dirèkteman sou deyò a nan nenpòt inite soti 1e avril rive 31 oktòb.	410.540(C)
	<input type="checkbox"/>	Eskalye yo dwe estab ak yon barè ki an sekirite sou omwen yon bò eskalye a.	410.520(A)(1)
	<input type="checkbox"/>	Chak galri, balkon oswa do-kay ki plis pase 30 pous anlè tè a dwe gen yon miray oswa yon baraj ki omwen 3 pye wotè.	410.520(A)(2) & (3)
	<input type="checkbox"/>	Tout sòti yo dwe kenbe an bon eta pou sekirite. Tout eskalye ekstèn, eskalye sekou dife, ak balkon yo dwe trete pou anpeche pouri ak deteryorasyon, sele kont domaj dlo oswa korozyon, epi kenbe san nèj ak glas.	410.260(D)(2)
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la responsab pou mete etikèt adrès la sou bilding lan pou li vizib depi nan lari a	410.410
	<input type="checkbox"/>	Si pwopriyetè yon kay ki gen yon chanm oswa yon abri bay dra kabann, sèvyèt, kouvèti, zòrye oswa matla, li oblije netwaye yo epi ranplase yo lè yo pa an bon kondisyon. Lenn kabann ak sèvyèt dwe netwaye ant chak itilizasyon pa diferan okipan, epi omwen yon fwa pa semèn si menm moun nan ap itilize espas la. Yo dwe netwaye kouvèti yo ant chak itilizasyon pa diferan okipan, epi omwen chak 3 mwa.	410.230
	<input type="checkbox"/>	Si gen twòp imidite oswa si gen mwazi, enspektè yo dwe enspekte sous potansyèl yo, tankou: flit nan tiyo, defo estriktirèl, vantilasyon ki pa apwopriye.	410.620

Antretyen Jeneral

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Tcheke si gen vyolasyon	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe kenbe zòn komen yo ak tè a pwòp, an sekirite epi sanitasyon.	410.570(A) & (C)
	<input type="checkbox"/> Okipan yo dwe kenbe zòn kote yo ap viv la pwòp epi san fatra.	410.570(B)
	<p>Si mèt kay la pa abite nan pwopriyete a, li dwe mete yon siy ki gen non li, adrès lari li, ak nimewo telefòn li. Afich la dwe nan yon kote vizib anndan batiman an, omwen 20 pous kare.</p> <p>Afich a dwe genyen tou non, adrès lari, ak nimewo telefòn manadjè pwopriyete a, si manadjè pwopriyete a pa abite nan pwopriyete a.</p> <p>Nimewo telefòn mèt kay la oswa manadjè pwopriyete a dwe siveye omwen yon fwa chak 12 èdtan (sòf si mèt kay la bay okipan yo yon lòt moun kòm kontak pou absans tanporè moun kontak la).</p>	410.400
	<input type="checkbox"/> Yon mèt kay oswa okipan pa ka koupe okenn sèvis piblik obligatwa oswa okenn sèvis piblik mèt kay la bay, eksepte pou yon peryòd tan limite pou fè reparasyon apre yo fin bay okipan an yon avi rezonab sou rediksyon sèvis la, oswa pandan ijans tanporè lè konsèy sante a apwouve rediksyon sèvis la. Si sèvis piblik la koupe, mèt kay la responsab pou pran mezi touswit pou ranje pwoblèm nan.	410.003(C)
	<input type="checkbox"/> Yon mèt kay ka sèlman retire ekipman opsyonèl li te enstale, tankou yon machin pou lave asyèt oswa yon machin pou lave rad, apre yon inite fin vid anvan yon nouvo lokasyon.	410.003(D)
	<input type="checkbox"/> Mèt kay la dwe bay okipan yo oswa afiche nan yon espas komen ki vizib yon avi sou dwa lokatè yo ki soti nan Depatman Sante Piblik.	410.400(C)
	<input type="checkbox"/> Apre nenpòt antretyen oswa reparasyon, mèt kay la dwe asire ke zòn nan pwòp epi dechè yo jete kòrèkteman.	410.235(C)

	<input type="checkbox"/>	Tout travay dwe fèt yon fason pwofesyonèl, epi si pèmi oswa lisans nesèsè, yo dwe jwenn yo.	410.010 Definisyon "konfòmite"
Mèt kay la dwe enstale kòrèkteman epi kenbe san flit, blokaj, ak lòt defo sa ki annapre yo:			410.235(A)
	<input type="checkbox"/>	Evye, benwa, douch ak twalèt.	(1), (2) ak (3)
	<input type="checkbox"/>	Dlo, enstalasyon chofaj, tiyo gaz, sistèm chofaj, ak tiyo dlo.	(4), (5), (6) & (7)
	<input type="checkbox"/>	Recho ak fou, sof si yon okipan dakò nan yon kontra lokasyon ekri pou bay yo.	(8)
	<input type="checkbox"/>	Base pou kapte dlo, vantilasyon, drenaj ak lòt aparèy similè yo.	(9)
	<input type="checkbox"/>	Koneksyon ak liy dlo, egou, ak gaz, ak sistèm pou jete dlo egou anba tè a, si genyen.	(10) & (11)
	<input type="checkbox"/>	Tout aparèy elektrik, enteriptè, priz, ak kabljaj.	(12)
	<input type="checkbox"/>	Tout detektè lafimen ak alam monoksid kabòn.	(13)
	<input type="checkbox"/>	Tout ekipman pou chofaj ak vantilasyon.	(14)
	<input type="checkbox"/>	Frijidè ak yon konjelatè, sòf si yon okipan dakò nan yon kontra lokasyon ekri pou bay yo.	(15)
	<input type="checkbox"/>	Nenpòt ekipman opsyonèl mèt kay la enstale, ki gen ladan: Machin pou lave veso, machin a lave, sechwa, aparèy kontè dlo, espas pou jete fatra, èkondisyone, mikwowond, ak kapo vantilasyon pou recho.	410.235(B)
	<input type="checkbox"/>	Aprè nenpòt antretyen oswa reparasyon, mèt kay la dwe asire ke zòn nan pwòp, debarase de debri epi sèk de imidite.	410.235(C)
	<input type="checkbox"/>	Mèt kay la yo dwe kenbe tout eleman konstriksyon ak estriktirèl yo an konfòmite ak estanda ki aksepte yo. Yo dwe kenbe yo an bon eta, san defo ak fant, epi pwoteje kont kondisyon meteyo, ensèk nuizib ak mwazi.	410.500(A)

Responsablite Okipan an

Dat mèt kay la te konnen vyolasyon an	Okipan an dwe respekte responsablite ki endike anba yo:	Seksyon Kòd Sanitè nan 105 CMR
	Okipan vle di nenpòt moun k ap viv oswa k ap dòmi nan yon rezidans.	410.010 Definisyon
	<input type="checkbox"/> Okipan an gen responsablite pou bay epi antreteni yon recho oswa yon frijidè si yo siyen yon kontra lokasyon ekri ki di se yo ki responsab.	410.100(A)(5) & (6)
	<input type="checkbox"/> Okipan yo responsab pou bay elektrisite oswa gaz si gen yon kont separe ki mezire elektrisite oswa gaz ki ale sèlman nan inite yo a oswa nan yon zòn ke yo sèlman itilize, epi gen yon kontra lwaye ekri ki di yo responsab.	410.200(A)
	<input type="checkbox"/> Nan batiman ki gen de oswa twa inite lojman, okipan yo responsab pou peye limyè nan koridò komen, eskalye ak pasaj ki bò kote inite yo si gen yon kontra lwaye ekri ki di sa (men sèlman lè yon nouvo lokasyon kòmanse).	410.300(F)
	<input type="checkbox"/> Okipan yo responsab pou bay lwil pou chofaj oswa dlo cho si lwil la founi atravè yon tank lwil apa ki sèvi sèlman inite yo epi gen yon akò ekri ki di yo responsab.	410.210
	<input type="checkbox"/> Okipan yo pa dwe bloke okenn sòti oswa pasaj.	410.260(B)
	<input type="checkbox"/> Okipan yo responsab pou kenbe sòti yo lib de nèj ak glas anba kontwòl eksklizif yo si gen yon kontra lokasyon ekri ki di sa.	410.260(D)(4)
	<input type="checkbox"/> Nan yon pwopriyete ki gen plis pase yon inite, okipan yo dwe kenbe sòti ki nan inite yo san okenn obstak epi kenbe teras, galri ak platfòm ki bò kote inite yo san okenn obstak ak fatra.	410.260(D)(3) 410.570(C)(2)
	<input type="checkbox"/> Okipan yo pa dwe itilize filaj tanporè oswa mete filaj elektrik anba yon tapi oswa nenpòt lòt kouvèti planche. Kòd ekstansyon ki gen evalyasyon ki apwopriye pou aparèy la pa konsidere kòm filaj tanporè. Pa egzanp, ou ka itilize yon kòd ekstansyon pou aparèy kouran yo, tankou yon blennè oswa yon chofaj espas pòtab.	410.320(A)
	<input type="checkbox"/> Nan yon kay pou yon sèl fanmi/yon sèl inite, okipan an responsab pou kenbe inite a lib de ensèk nuizib ak pou elimine yo, pandan mèt kay la responsab pou elimine ensèk nuizib yo si mèt kay la pa te kenbe batiman an jan sa nesesè pou anpeche ensèk nuizib antre.	410.550

	<input type="checkbox"/>	Lè yon enspektè konfime prezans pinèz kabann, okipan tout inite ki bò akote yo dwe bay aksè pou enspeksyon.	410.620(D)(1)(C)
	<input type="checkbox"/>	Lè yon okipan resevwa avi anvan nenpòt aplikasyon komèsyal pestisid, li dwe bay aksè nan inite li epi swiv enstriksyon yo pou prepare inite a anvan aplikasyon pestisid la. (Lokatè ki gen yon andikap ka mande yon aranjman rezonab.)	410.550(D)(3)
	<input type="checkbox"/>	Okipan yo dwe swiv règ kominote yo pou separe materyèl resiklabl, fatra jaden, fatra manje, ak/oswa gwo atik yo soti nan fatra. Moun k ap viv nan kay la responsab pou mete fatra yo kòmsadwa nan resipyan mèt kay la bay. Nan kote yo chaje yon frè pou chak sak fatra, okipan an responsab pou frè yo.	410.560
	<input type="checkbox"/>	Okipan yo responsab pou kenbe nenpòt pati nan rezidans lan ke yo okipe oswa kontwole sèlman nan yon kondisyon sanite epi san fatra.	410.570(B) & (C)
	<input type="checkbox"/>	Yon lokatè oswa yon mèt kay pa ka retire okenn enstalasyon oswa ekipman obligatwa, tankou yon frijidè oswa yon recho (sòf si lokatè a dakò pou bay yo nan yon akò ekri), eksepte pou yon ti tan pou fè reparasyon apre li fin bay yon avi rezonab.”	410.003(C)
	<input type="checkbox"/>	Moun k ap okipe lokal la dwe pèmèt mèt kay la oswa yon reprezantan li jwenn aksè pou konfòme yo ak Kòd Sanite a, apre yo fin bay omwen 48 èdtan avi epi si sa posib, sou randevou (pou ka ki pa ijans). Si reparasyon an se yon ijans, pa gen okenn avi ki nesèsè.	410.003(E)
	<input type="checkbox"/>	Okipan yo responsab pou kenbe antre a, galri a, oswa teras la ki bò kote inite lojman yo an bon kondisyon ijyèn, san okenn obstak oswa fatra.	410.570
	<input type="checkbox"/>	Si okipan an bay kwizin opsyonèl la ak lòt ekipman, li dwe asire ke yo byen enstale epi byen antretni.	410.240